

<b>Depatman responsab:</b> Sèvis pou Biznis	<b>YALE NEW HAVEN HEALTH POLITIK AK PWOSEDI</b>
<b>Tit: Pwogram Èd Finansyè:</b>	
<b>Dat li antre an vigè: 30/11/2023</b>	
<b>Moun ki bay apwobasyon an: Konsèy Administrasyon YNHHS</b>	
<b>Tip Règleman (I oswa II): Tip I</b>	

## OBJEKTIF

Yale New Haven Health (“Yale New Haven Health” oswa “YNHHS”) pran angajman pou l bay swen medikal ki nesèsè lè li ofri èd finansye bay moun ki kalifye epi ki bezwen sa. Objektif Règleman Èd Finansye sa a (“FAP”) se:

- A. eksplike ki èd finansye ki disponib nan kad FAP la;
- B. dekri ki moun ki kalifye pou èd finansye ak ki jan pou yo aplike;
- C. dekri kijan yo kalkile kòb Pasyan an ap peye pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè pou Pasyan ki kalifye pou pwogram FAP a
- D. idantifye founisè pwogram FAP a kouvri ak sa ki pa nan pwogram nan
- E. dekri etap lopital YNHHS yo franchi pou yo vilgarize pwogram FAP a nan kominote YNHHS ap sèvi yo; epi
- F. esplike ki mezi rekouvremant ki ka pran kont moun ki pa peye fakti sante New Haven yo.

## APLIKABILITE

Règleman sa a aplikab pou chak lopital ki gen lisans e ki afilye ak YNHHS, pami yo gen Bridgeport Hospital, Greenwich Hospital, Lawrence + Memorial Hospital, Yale New Haven Hospital and Westerly Hospital (chak se yon “Lopital”). Anplis desa, Northeast Medical Group, Visiting Nurse Association of Southeastern Connecticut, ak Home Care Plus aksepte pwogram asistans finansye a.

## RÈGLEMAN

- A. Ofisyè ki Responsab la** Vis-Prezidan YNHHS ki se tou Direktè Finansye oswa yon moun li nome pral sipèvizè pwogram FAP YNHHS la.
- B. Domèn entèvansyon ak Lis Founisè**
  1. **Ijans ak lòt Swen Medikal ki nesèsè.** Pwogram FAP a aplikab pou swen nan sèvis ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè, pami yo swen nan anbilans ak nan lopital, kote se yon lopital la k ap bay fakti a Pwogram FAP sa pa pran an chaj: (a) chanm prive oswa sèvis yon enfimye

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

prive; (b) sèvis ki pa medikalman nesèsè, tankou chiriji estetik; (c) lòt frè pou bagay ki pa obligatwa pou mete w alèz tankou televizyon ak telefòn, epi (d) lòt rabè oswa rediksyon nan de chaj ki pa dekri klèman nan Règleman sa a.

2. **Lis Founisè** Ou ka jwenn yon lis founisè ki bay swen nan sèvis ijans ak lòt swen medikal ki nesèsè nan yon lopital isit la:

<https://www.ynhh.org/patients-visitors/billing-insurance/Financial-assistance>

Lis la di si founisè a fè pati pwogram FAP a. Si founisè a pa fè pati pwogram FAP sa a, pasyan an dwe kontakte biwo founisè a pou l detèmine si founisè a ofri èd finansye epi si se wi, ki sa règleman èd finansye founisè a kouvri.

3. **Konfòmite avèk lwa EMTALA a.** Si founisè a pa nan pwogram FAP a, Pasyan an dwe kontakte biwo founisè a pou konnen si founisè a ofri Èd finansye epi si se wi, kisa Èd finansye founisè a ofri a kouvri. Pa gen anyen nan FAP sa a ki anpeche obligasyon yon lopital genyen ann amoni ak EMTALA a pou l trete pasyan ki nan sitiasyon medikal ki mande ijans.

### C. Pwogram Èd Finansye

Gen yon èd finansye ki disponib pou moun k ap viv nan peyi Etazini e ki ranpli demann pou èd finansye yo mande a e ki reponn a kondisyon kalifikasyon ki dekri pi ba a. Yo dwe ankouraje tout Pasyan pou chèche tout sous èd finansye ki disponib, pami yo de pwogram èd gouvènmantal ak prive.

Desizyon ki gen rapò ak èd finansye yo pran selon chak moun e sèlman selon bezwen finansye yo. Yo pa janm pran desizyon an fonksyon laj, sèks, ras, koulè, peyi moun nan gen orijin li, eta sivil, estati sosyal oswa estati l kòm imigran, oryantasyon sosyal, idantite oswa jan moun nan esprime l seksyèlman, relijyon moun nan frekante, andikap, si l se ansyen konbatan oswa militè oswa nenpòt lòt rezon lalwa entèdi. Aplikasyon pou Demann Èd la dekri ki dokiman ki nesèsè pou fè verifikasyon sou kantite moun ki nan fanmi an ak revni li YNHHS oswa yon lopital kapab, san yo pa oblije di poukisa, apwouve Èd finansye andeyò chan aplikasyon Règleman sa a.

1. **Swen gratis.** Si kantite kòb fanmi an rantrè chak ane san l pa peye taks la nan oswa pi ba 250% Nivo povrete selon Gid Federal la (*gade Dokiman 1 ki tache la a*), ou ka kalifye pou jwenn swen gratis (yon rabè 100% sou kont Pasyan an)
2. **Swen moun nan jwenn rabè pou li** Si kantite kòb fanmi an rantrè chak ane san l pa peye taks la ant 251% ak 550% Nivo povrete selon Gid Federal la, ou ka kalifye pou jwenn yon rediksyon gratis sou baz yon echèl mobil, jan yo pale de sa nan *Dokiman 1 ki tache la a*. Pou Pasyan ki gen asirans, rabè a ap aplike sou balans ki rete sou kont Pasyan an aprè asirans lan oswa yon lòt moun fè peman an.
3. **Fon pou kabann lopital** Ou kapab kalifye pou resevwa èd finansye ki soti nan fon pou kabann lopital, ki se de fon yo bay Lopital pou yo ka bay Pasyan swen ki pa an mezi pou peye pou swen lopital. Yo detèmine elijiblite selon chak moun epi yo pran an kont kèk restriksyon

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

donatè yo enpoze, epi si sa nesèsè, sa fèt an fonksyon nominasyon moun ki pwopoze fon an fè. Tout Pasyan ki ranpli demann èd finansye yo egzije a ap antre otomatikman nan lis moun k ap benefisye fon pou kabann lopital yo.

4. **Lòt pwogram èd finansye ki espesifik pou yon lopital an patikilye. Klinik ekstèn Greenwich Hospital** la resevwa Pasyan ki gen asirans Medicare, Medicaid oswa lòt asirans Access Health CT pwopoze, kote fanmi ki enskri ladan yo gen revni chak ane ki 4 fwa pi piti pase Nivo povrete selon Gid Federal la. Anplis desa, klinik la bay swen rabè bay moun ki pa kalifye pou asirans epi ki abite nan Greenwich epi ki gen revni fanmi mwens pase 4 fwa Nivo Povrete Federal la. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou jwenn yon demand aplikasyon, tanpri rele nan 203-863-3334 .
5. **Endijan sou plan Medikal.** Yo ka anvizaje yon èd finansye tou pou Pasyan ki pa reponn a kritè yo, men ki gen bòdwo lopital yo ki depase yon kantite revni fanmi an oswa sa fanmi an posede.

### D. Limit sou chaj yo

Lè yon Pasyan ranpli kondisyon yo egzije yo pou benefisye swen a pri redui, men se pa de swen gratis, yo pap fè l peye plis pase kantite lajan jeneralman moun ki gen asirans ki garanti swen sa yo konn peye (“AGB”).

1. **Kijan kalkil yo fèt.** YNHHS kalkile AGB a chak ane pou chak lopital kote li itilize metòd ki pote non “gade dèyè” ki prevwa nan règlemantasyon fiskal federal yo epi ki baze sou tarif sèvis gratis Medicare genyen an, ki gen ladan l tou yon pataj kou sèvis yo ak benefisyè a Medicare ak tout lòt asirans sante prive k ap peye demann ranbousman chak lopital fè pou ane fiskal ki pase a. YNHHS ka aplike pousantaj rabè a pou chak lopital, oswa li ka chwazi itilize pousantaj rabè ki pi favorab pou Pasyan YNHHS yo. Rabè AGB yo endike nan Dokiman 1 ki tache la a.

### E. Aplikasyon pou Ed Finansye

1. **Ki jan pou aplike?** Pou fè demann èd finansye, ou dwe ranpli aplikasyon pou demann èd finansye YNHHS la (“Aplikasyon”), sof nan ka ki prevwa pi ba yo. Ou kapab jwenn yon fòmilè aplikasyon:
  - a. Sou Entènèt sou [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance) ak sou sit Entènèt chak lopital YNHHS.
  - b. Ou ka ale nan nenpòt lopital YNHHS ki resevwa Pasyan oswa kote yo fè enskripsyon. Gen pano ak feyè ki gen enfòmasyon ekri sou èd finansye ki disponib nan chak sèvis ijans lopital yo epi kote yo fè enskripsyon malad.
  - c. Ou ka voye yon imèl oswa rele pou mande yon kopi gratis nan Sèvis finansye ki la pou Pasyan yo nan (855) 547-4584.

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

2. **Aplikasyon.** Nan Aplikasyon an yo dekri (i) egzijans pwogram èd finansye a ak kritè kalifikasyon yo, (ii) ki dokiman yo egzije pou konnen si w kalifye, epi (iii) nimewo moun nou ka kontakte pou jwenn èd nan pwogram FAP a. Nan Aplikasyon an yo esplike tou pou yo di w (i) lopital ap ekri w lè l ap reponn chak demann, (ii) Pasyan yo ka fè yon nouvo aplikasyon pou èd finansye nan kad pwogram FAP a nenpòt kilè, epi (iii) gen lòt fon ankò ki disponib pou kabann gratis chak ane. Lopital yo pa ka refize yon èd finansye nan kad FAP a paske yon moun pa kapab founi enfòmasyon oswa dokiman pwogram FAP a oswa Aplikasyon an pa egzije nan kad Demann nan.
3. **Moun ki kalifye pou pwogram FAP a.** Lopital YNHHS yo ap fè jefò ki rezonab pou detèmine ki moun yo kalifye epi dokimante tout sa ki montre moun nan kalifye pou li jwenn èd finansye nan kont Pasyan sa konsènan an. Yon fwa lopital la fin detèmine Pasyan an kalifye pou pwogram FAP a, lopital la dwe:
  - a. founi yon fakti ki di ki kantite kòb moun nan dwe kòm yon Pasyan ki kalifye pou pwogram FAP a, epi tou di kijan yo te kalkile kòb la e li dwe di oswa dekri kijan moun nan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB a pou swen yo;
  - b. ranbouse moun nan nenpòt kantite lajan li te peye pou swen ki depase kantite lajan yo detèmine pou li peye pèsònèlman kòm yon moun ki kalifye pou pwogram FAP a, sof si kantite lajan sa a depase yon montan ki mwens pase \$ 5, oswa lòt kantite lajan IRS la fikse; ak
  - c. pran mezi rezonab pou anile tout mezi rekouvremant ekstraòdinè.
4. **Kalifikasyon prezime.** YNHHS ka detèmine si yon moun kalifye pou swen gratis oswa rabè dapre Règleman sa a, sou baz enfòmasyon konsènan sityasyon lavi yon Pasyan li jwenn apati lòt sous anplis de moun k ap mande èd finansye a; pami yo gen sous sa yo:
  - a. Nan non chak lopital yo, YNHHS itilize yon lòt zouti pou li idantifye moun ki gen balans otopèman ki pa mande èd finansye, men ki gen yon revni ki mwens oswa egal a 250% Nivo Povrete Federal la (*sa vle di* ki kalifye pou swen gratis). Si yo idantifye yon Pasyan nan pwosesis sa a, yo kapab ajiste balans lopital li yo pou li ka resevwa swen charite (ki gratis);
  - b. YNHHS afilye ak Inivèsite Yale e li se sant sante ki la pou moun ki nan Fakilte Medsin Yale la. Pasyan ki pa gen asirans k ap resevwa swen de baz nan klinik etidyan Yale yo ap jere a pou moun ki gen revni ki fèb yo, ladan l gen klinik ki rele Haven Free Clinic, moun sa yo ka konsidere kòm de prezime kalifye pou swen gratis oswa a pri redui san y opa oblije ranpli demann èd finansye, depi YNHHS resevwa konfimasyon an men Vis prezidan e responsab finans lan ki di moun nan se yon Pasyan ki nan youn nan klinik sa yo;
  - c. YNHHS ka itilize premye kritè kalifikasyon yo pou detèmine si moun nan ta kapab konsidere l ankò kòm youn ki kalifye pou jwenn swen charite nan kad Règleman sa a.

**F. Relasyon ak pratik rekouvremman (sètadi pratik pou rekipere lajan moun dwe) YNHHS yo**

Yon lopital (epi tout ajans rekouvremman oswa yon lòt aktè li ta gen dèt pou li) pap pran mezi rekouvremman ekstrawòdinè (“ECA”) avan 120 jou depi li fin soti bòdwo aprè moun nan soti nan lopital la pou swen li resevwa yo epi avan li ta fè jefò rezonab pou detèmine si yon Pasyan oswa nenpòt lòt moun ki gen responsabilite pou yon kont otopèman (Moun responsab la) kalifye pou jwenn èd finansye nan kad FAP a. Tout mezi rekouvremman ekstrawòdinè dwe jwenn apwobasyon Vis prezidan e direktè Finans lan oswa yon moun li nome pou sa ki dwe konfime ansanm egzijans pwogram FAP yo satisfè avan li bay apwobasyon li.

Lopital la ap kontinye bay fakti A/R li yo jan pwosedi operasyonèl entèn ak pratik li yo mande sa. Nan kad pwosedi ak pratik sa yo, lopital la, omwen, ap mete Pasyan an okouran konsènan FAP li a nan dat li te bay swen an ak pandan sikl fakti A/R yo (oswa pandan peryòd lalwa egzije a, si li pi long) a:

1. Tout Pasyan yo ap resevwa yon rezime nan yon langaj ki senp epi yon fòm aplikasyon demann èd finansye nan kad FAP a pandan moman l ap kite oswa antre nan yon lopital.
2. Yo pral voye omwen twa deklarasyon separe pou rekouvremman kont otopèman yo bay Pasyan an nan adrès li oswa imèl li oswa bay nenpòt moun ki responsab li, a kondisyon, sepandan pa gen okenn lòt deklarasyon yo dwe voye ankò aprè Moun ki Responsab la(yo) soumèt yon aplikasyon konplè pou èd finansye nan kad FAP a, oswa si li fin peye tout lajan an. Omwen 60 jou dwe pase ant premye ak dènye nan twa deklarasyon yo voye nan kourye lapòs yo. Se moun ki Responsab la (yo) ki gen obligasyon pou li founi adrès postal egzat nan moman y ap resevwa sèvis la oswa nan moman y ap demenaje. Si yon kont pa gen yon adrès valid, y ap gen pou yo detèmine sa yo rele “Jefò rezonab”. Tout deklarasyon kont inik oswa kont otopèman Pasyan an ap gen eleman sa yo, men yo p ap limite a sa: tout relve kont pasyan inik pou kont otopèman pral gen landann, men se pa sa sèlman, eleman ki annapre yo:
  - a. yon rezime egzat sou sèvis lopital deklarasyon an kouvri;
  - b. chaj yo pou sèvis sa yo;
  - c. montan yo egzije pou moun ki responsab la(yo) (oswa, si yo pa konn montan an, dwe gen yon estimasyon de bònfwa ki fèt sou montan sa apati dat premye deklarasyon an); epi
  - d. dwe gen yon avi ekri ki byen vizib ki ale jwenn Moun ki responsab la sou èd finansye nan kad FAP a, ladan li gen nimewo telefòn depatman ak sit entènèt kote yo te jwenn kopi dokiman yo.
3. Omwen youn nan deklarasyon yo voye nan kourye lapòs oswa imèl ap gen yon avi ekri ki enfòme Moun ki responsab la (yo) sou mezi rekouvremman (ECA) ki ka pran si Responsab la pa aplike pou èd finansye nan kad FAP a oswa peye montan li dwe a nan delè ki nan fakti a. Yo

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

dwe bay moun ki responsab la(yo) deklarasyon sa yo omwen 30 jou avan dat limit ki nan ekri nan deklarasyon an. Yon rezime nan yon langaj senp ap akonpaye deklarasyon sa a. Se moun ki Responsab la (yo) ki gen obligasyon pou li bay adrès postal la nan moman y ap resevwa sèvis la oswa nan moman demenajman an. Si yon kont pa gen adrès valid, y ap lanse pwosesis pou detèmine sa yo rele “Jefò rezonab” la.

4. Avan yo lanse yon pwosesis rekouvremant (ECA), dwe gen yon ti pale ki fèt pou kontakte moun ki responsab la (yo) nan telefòn nan dènye nimewo yo te genyen an, si sa posib, omwen yon fwa nan kad seri deklarasyon y ap voye nan lapòs oswa nan imèl la si yo toujou pa fè peman sou kont lan. Nan moman tout konvèsasyon yo, Pasyan an oswa Moun ki responsab la (yo) ap jwenn enfòmasyon sou èd finansye ki ka disponib nan kad pwogram FAP a.
5. Si yo pa respekte règ ki fikse nan Règleman sa a, yon lopital YNHHS ka lanse yon mezi rekouvremant pou li touche pou sèvis medikal li founi jan sa mansyonen nan Dokiman 2 ki tache la a.

### G. Disponibilite Règleman

Kopi pwogram FAP a, yon rezime nan langaj ki senp ak aplikasyon pou pwogram FAP a disponib sou [www.ynhhs.org/financialassistance](http://www.ynhhs.org/financialassistance).

Chak lopital mete kopi pwogram FAP a disponib, yon rezime FAP a nan yon langaj senp epi yon aplikasyon pou pwogram nan sou demann, san moun nan pa peye pou sa, sa ka fè nan lapòs oswa Depatman Ijans Lopital la e nan tout pwent Admisyon sou fòm papye an Anglè epi lang matènèl tout popilasyon ki gen kapasite limite nan pale Anglè ki gen yon kapasite pou resevwa mwens pase 1000 moun oswa 5% ou plis de popilasyon lopital la ap sèvi a. Gade nan Dokiman 3 ki tache la a pou jwenn lis lang yo.

Kontakte Sèvis pou Biznis yo gratis nan nimewo sa (855) 547-4584 pou jwenn enfòmasyon sou kritè kalifikasyon yo oswa pwogram ki disponib pou moun yo, konsa yo ka mande yon kopi pwogram FAP a, yon rezime nan langaj senp, yon fòmilè aplikasyon oswa sou Règleman faktirasyon ak rekouvremant pou yo ka voye l ba ou nan kourye lapòs oswa nan imèl si ou bezwen yon fòm aplikasyon ki tradui nan yon lòt lang ki pa Anglè. Anplis, Pasyan an ka mande pou Sèvis Admisyon ak Finansye, Travay Sosyal ak Jesyon dosye pou yo lanse pwosesis aplikasyon pou FAP a pou li.

Lòt jefò vilgarize pwogram FAP a gen ladan piblikasyon avi nan jounal gran ki gran piblik; founi avi ekri sou pwogram FAP a nan fakti yo; founi avi sou pwogram FAP nan komunikasyon oral li genyen ak Pasyan yo konsènan montan yo dwe; epi òganize de seyans vizit lib ak seyans enfòmasyon.

### H. Konfòmite avèk Lwa Eta a

Chak lopital dwe konfòme yo ak lwa Eta a, pami yo, san li pa limite ak sa yo, lwa jeneral Eta Connecticut ki regle dosye prelevman lopital yo fè sou Pasyan ki pa gen asirans yo ak Estanda nan tout Eta Rhode Island sou swen charite, jan sa dekri nan Seksyon 11.3 Règleman ak prensip

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

Depatman Sante Rhode Island konsènan konvèsyon lopital yo (“règleman RI”) epi lwa *Estanda nan tout Eta a pou Swen moun pa Touche pou yo*, jan sa endike nan seksyon 11.4 Règleman RI a, ak lwa pratik sivil nan New York ki entèdi founisè swen sante yo pou fè moun k ap pran swen sante a bay rezidans prensipal la kòm garanti l ap peye dèt medikal li genyen.

## Règleman Pwogram Èd Finansye a

### REFERANS

- A. Kòd revni entèn 501(c)(3)
- B. Kòd revni entèn 501(r)
- C. Lwa Jeneral Gen. Stat. § 19a-673 et seq.
- D. Règleman RI 11.3 ak 11.4
- E. Lwa pratik sivil NY Seksyon 5.201(b)

### RÈGLEMAN KI APLIKE A SA

Faktirasyon ak Rekouvremant

EMTALA: Egzijans nan kesyon Triyaj medikal/Estabilizasyon, Sou demann ak Transfè

### ATACHMAN

- A. Dokiman 1 ki tache la a: Gid Federal sou Nivo Povrete (FPG) ak Echèl varyab pou Èd Finansye
- B. Dokiman 2 ki tache la a: Mezi rekouvremant ekstrawòdinè
- C. Dokiman 3 ki tache la a: Konpetans limite nan lang anglè

### ISTWA RÈGLEMAN YO

A. Dat kontra a an vigè:	20/09/2013; 01/01/2017 (LMH & WH)
B. Ranplasman:	Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital (NC:F-4) nan Yale New Haven Hospital; Règleman Yale New Haven Hospital - Distribisyon Fon pou Swen Gratis NC: F-2; Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital (9-13) nan Bridgeport Hospital; Apèsi sou Pwogram Èd Finansye pou Sèvis Lopital nan Greenwich Hospital; Lawrence + Memorial Hospital ak Westerly Hospital Charity Care, Asistans Finansye, Règleman Fon Kabann Gratis; Règleman ak Pwosedi Klinik Ekstèn Greenwich Hospital la
C. Apwouve san chanjman	21/01/2015; 30/09/2016; 16/12/2016; 01/06/2017; 15/07/2018; 15/06/2020; 30/11/2023
D. Apwouve san chanjman	19/01/2023 (Mizajou Dokiman 1 ki tache la a); 24/01/2024 (Mizajou Dokiman 1 ki tache la a)

## Dokiman 1 ki tache la a

### Gid Federal sou Nivo Povrete (FPG) & Echèl varyab pou Ed Finansye

A chak peryòd, Depatman Sante Ameriken Anrejistre montan FPG yo ajou nan Rejis Federal la. Montan FPG aktyèl yo disponib sou <http://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines>

Apati 12 janvyè 2024, kantite lajan FPG yo te konsa. **Kantite lajan sa yo ka chanje.** Pasyan ki kalifye pou èd finansye nan kad Règleman sa ap resevwa èd nan tout lopital Yale New Haven jan nou pral site l la:

	Non FAP a	Swen gratis	Echèl varyab A	Echèl varyab B	Echèl varyab C	Swen moun nan <u>iwenn rabè pou li a</u>
	Kritè kalifikasyon	Pasyan ki gen asirans oswa ki pa gen asirans	Pasyan ki gen asirans	Pasyan ki gen Asirans	Pasyan ki gen asirans	Pasyan ki pa gen asirans
	Rabè nan kad pwogram FAP a	100%	35%	25%	15%	72%
	Kalifikasyon sou baz Revni avan taks	0% - 250% FPL	251% - 350% FPL	351% - 450% FPL	451% - 550% FPL	251% - 550% FPL
Gwosè fanmi an	1	\$0 - \$37,650	\$37,651 - \$52,710	\$52,711 - \$67,770	\$67,771 - \$82,830	\$37,651 - \$82,830
	2	\$0 - \$51,100	\$51,101 - \$71,540	\$71,541 - \$91,980	\$91,981 - \$112,420	\$51,101 - \$112,420
	3	\$0 - \$64,550	\$64,551 - \$90,370	\$90,371 - \$116,190	\$116,191 - \$142,010	\$64,551 - \$142,010
	4	\$0 - \$78,000	\$78,001 - \$109,200	\$109,201 - \$140,400	\$140,401 - \$171,600	\$78,001 - \$171,600
	5	\$0 - \$91,450	\$91,451 - \$128,030	\$128,031 - \$164,610	\$164,611 - \$201,190	\$91,451 - \$201,190

Yo kalkile pousantaj AGB yo chak ane. AGB (% chaj) pou ane sivil 2024 pou chak lopital yo se: BH 31.25%, GH 32.48%, LMH 36.15%, YNHHS 34.36% ak WH 27.63%. An konsekans, pousantaj rabè ki pi favorab pou Pasyan YNHHS ki kalifye pou swen a pri redui yo selon Règleman sa pou ane 2024 la ta dwe peye pa plis pase 28% nan chaj brit yo.

**Dokiman 2 ki tache la a**  
**MEZI REKOUVREMAN EKSTRAWÒDINÈ**

**Dwa retansyon pou Pwopriyete a**

Yo admèt Dwa retansyon sou rezidans pèsònèl sèlman si:

- a) Pasyan an te gen posiblite pou li aplike pou fon pou kabann gratis yo oswa li pa rive reponn, refize oswa yo jije li pa kalifye pou fon sa a;
- b) Pasyan an pa aplike oswa li pa kalifye pou lòt èd finansye dapre Règleman Èd finansye lopital la pou ede li peye dèt li, oswa li kalifye, an pati, men li pa peye pati pa l la;
- c) Pasyan an pa tante fè oswa dakò fè yon aranjman, oswa li pa respekte aranjman ki fèt pou pèman an ant lopital la ak Pasyan an;
- d) Balans total kont lan pi plis pase \$10,000 epi Kay moun nan posede ki dwe konsidere pou dwa retansyon an gen yon valè ki estime a omwen \$300,000 aprè evalyasyon; epi
- e) Dwa retansyon sa ap anpeche yo rive nan sezi rezidans pèsònèl moun nan posede.
- f) Pou founisè swen sante nan New York, yo pa pèmèt dwa retansyon sou rezidans pèsònèl.

**Dokiman 3 ki tache la a**

**Konpetans Limite nan Lang Anglè**

Albanyen
Arab
Bangali
Chinwa Senplifye
Chinwa Tradisyonèl
Dari Pèsan
Fasi Pèsan
Fransè
Grèk
Goujarati
Kreyòl Ayisyen
Enndi
Italyen
Koreyen
Pachto
Polonè
Pòtigè Brezilyen
Pòtigè Ewopeyen
Ris
Panyòl
Tagalog
Tik
Ikrenyen
Oudou Pakistan
Vyetnamyen